

# BABI BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang

Kaparigelan basa mibanda opat komponén nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis (Tarigan, 1985:1). Éta opat komponén téh kudu dimekarkeun, sangkan panyatur parigel dina maké basa.

Ngaliwatan basa, manusa bisa komunikasi jeung manusa séjénna. Kaparigelan basa bisa dicangking ku cara prakték jeung loba latihan. Ku kituna, salah sahiji cara sangkan bisa nyangking kaparigelan basa nya éta diajarkeun di sakola.

Salah sahiji komponén basa nu kudu dimekarkeun nya éta nulis. Nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa nu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung. Hal ieu luyu jeung nu diébréhkeun ku Tarigan (1985:3-4), nya éta:

*“Menulis merupakan suatu keterampilan berbahasa yang dipergunakan untuk berkomunikasi secara tidak langsung, tidak secara tatap muka dengan orang lain. Menulis merupakan suatu kegiatan yang produktif dan ekspresif.”*

Kaparigelan nulis kacida dibutuhkeun, sabab nulis mangrupa salah sahiji ciri tina jalma anu *terpelajar*. Sakumaha anu ditétélakeun ku Marsey (dina Tarigan, 1985:4)

*‘Menulis dipergunakan oleh orang terpelajar untuk mencatat/merekam, meyakinkan, melaporkan/memberitahukan, dan mempengaruhi; dan maksud serta tujuan seperti itu hanya dapat dicapai dengan baik oleh orang-orang yang dapat menyusun pikiran dan mengutarakannya dengan jelas, kejelasan ini tergantung pada pikiran, organisasi, pemakaian kata-kata, dan struktur kalimat.’*

Minangka salah sahiji komponén kaparigelan basa, nulis perlu diajarkeun di sakola-sakola, luyu jeung kurikulum. Kiwari hasil diajar nulis karangan basa sunda kurang nyugemakeun. Eta balukar tina sababaraha faktor, salah sahijina nya eta faktor guru nu kurang bisa milih modél atawa métode pangajaran anu éféktif.

Dina prak-prakanna ngajarkeun nulis di sakola, guru mibanda kabébasan maké modél pangajaran sangkan tujuan pangajaran bisa kahontal. Guru kudu kreatif néangan jeung maké modél pangajaran tur bisa méré *motifasi* siswa sangkan sumanget diajar. Ku kituna, pikeun mikanyaho modél pangajaran anu luyu dina pangajaran nulis di tingkat SMP perlu diayakeun hiji panalungtikan kalayan modél anu tangtu.

Numutkeun Slavin (1997:209), yén dina diajar siswa kudu aktif néangan pangaweruh nu ahirna siswa bakal ngarti sorangan. Numutkeun katerangan eta, ku kituna modél diajar anu nungtut siswa kudu aktif leuwih fokus kana modél pangajaran PAKEM. Sacara gurat badagna PAKEM mibanda opat komponén, nya eta ngalaman, interaksi, komunikasi, jeung refléksi.

Modél pangajaran *Examples Non Examples* nya eta model pangajaran nu museur kana daya imajinasi siswa dina nyusun kalimah . Modél pangajaran ieu biasana dilaksanakeun dina pangajaran nulis, bisa dijadikeun alat pikeun ngajarkeun nulis karangan ka siswa SMP.

Tangtuna waé tina dua modél pangajaran anu ditalungtik, bakal kapanggih salah sahiji modél pangajaran anu paling éféktif dina ngajarkeun nulis ka siswa SMP.

Geus aya panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis karangan éksposisi nu maké Modél Pangajaran Jaring Laba-Laba. Ieu panalungtikan téh dilaksanakeun ku Wiwin Hipana (2005), kalayan hasil ayana *peningkatan* anu signifikan siswa dina nulis karangan éksposisi.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, panalungtikan ngeunaan Modél Pangajaran PAKEM (Pebelajaran Aktif, Kréatif, Eféktif, dan Menyenangkan) jeung Modél Pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis karangan éksposisi perlu dilaksanakeun .

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Sangkan panalungtikan ieu teu lega teuing ambahanana tur leuwih museur kana tujuan, ieu panalungtikan baris diwatesan. Panalungtikan ieu museur kana hasil diajar nulis karangan éksposisi maké modél PAKEM, hasil diajar nulis karangan éksposisi maké modél *Examples Non Examples*, babandingan hasil diajar nulis karangan maké modél PAKEM jeung modél pangajaran *Examples Non Examples*, sarta éfektifitas pangajaran nulis karangan éksposisi maké modél PAKEM jeung modél pangajaran *Examples Non Examples*.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang anu geus dijéntrékeun, masalah dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun, diantarana nya éta:

- 1) Kumaha hasil diajar siswa dina nulis karangan éksposisi maké modél pangajaran PAKEM ?

- 2) Kumaha hasil diajar siswa dina nulis karangan éksposisi maké modél pangajaran *Examples Non Examples*?
- 3) Kumaha babandingan hasil diajar nulis karangan éksposisi maké modél PAKEM jeung modél pangajaran *Examples Non Examples* ?
- 4) Leuwih éféktif mana antara modél PAKEM jeung modél pangajaran *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis karangan éksposisi ?

### **1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Pangalungtikan**

Tujuan nu dipiharep bakal kahontal dina ieu panalungtikan, nyaéta ngadéskripsikeun:

- 1) hasil diajar siswa dina nulis karangan éksposisi maké modél pangajaran PAKEM;
- 2) hasil diajar siswa dina nulis karangan éksposisi maké modél pangajaran *Examples Non Examples*;
- 3) babandingan hasil diajar nulis karangan éksposisi maké modél PAKEM jeung modél pangajaran *Examples Non Examples*;
- 4) éféktif henteuna modél PAKEM atawa modél pangajaran *Examples Non Examples* pikeun pangajaran nulis karangan éksposisi.

#### **1.3.2 Mangpaat Panalungtikan**

Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nyokot sababaraha mangpaat, diantaranya waé:

Sacara teoritis ieu panalungtikan mibanda mangpaat pikeun meunangkeun modél pangajaran nu leuwih éféktif dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

Sacara praktis ogé ieu panalungtikan mibanda mangpaat, nya éta pikeun:

1) Guru

Pikeun jadi bahan tinimbang dina ngalaksanakeun prosés KBM (Kegiatan Belajar Mengajar) dina ngajarkeun nulis karangan éksposisi.

2) Siswa

Méré pangaweruh ngeunaan nulis karangan éksposisi ku cara maké modél pangajaran anu luyu jeung *variatif* sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuhna.

3) Lembaga

Méré gambaran ngeunaan modél pangajaran nu éféktif pikeun pangajaran nulis karangan.

## 1.4 Anggapan Dasar jeung Hipotésis

### 1.4.1 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta sagala bebeneran téori/pamadegan anu dijadikeun landasan dasar dina hiji panalungtikan. Dumasar kana hal éta, ieu panalungtikan mibanda anggapan dasar:

- 1) Nulis mangrupa salah sahiji komponén kaparigelan basa anu perlu dimekarkeun.
- 2) Nulis karangan éksposisi mangrupa salah sahiji pangajaran anu ditepikeun di SMP sarta aya dina kurikulum.
- 3) Modél pangajaran anu hadé nya éta anu luyu jeung bahan pangajaran, sarta bisa ngahontal tujuan pangajaran.

- 4) Guru bisa milih modél pangajaran anu dianggap luyu pikeun nepikeun bahan pangajaran. Sangkan siswa teu *jenuh*, dipiharep guru maké modél pangajaran anu *bervariasi*.

#### 1.4.2 Hipotésis

Hipotésis nya éta jawaban saheulaanan tina pasualan atawa masalah anu ditalungtik sarta perlu diuji tingkat bebeneranna. Ku kituna, hipotésis dina ieu panalungtikan nya éta: "aya bédana hasil siswa nulis karangan éksposisi nu maké modél pangajaran PAKEM jeung nu maké modél pangajaran *Examples Non Examples*'.

Hipotésis alternatif, modél pangajaran PAKEM jeung modél pangajaran *Examples Non Examples* bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa. Tapi, modél pangajaran PAKEM bakal leuwih éféktif dina pangajaran nulis karangan éksposisi, kusabab siswa leuwih aktif sarta bisa néangan carana sorangan dina kagiatan PBM.

#### 1.5 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan ditétélakeun wangenan operasional, nya éta:

- 1) Modél pangajaran nya éta pola atawa gaya ngajar dina prosés diajar ngajar nu dilaksanakeun ku guru dina ngahontal tujuan.
- 2) Modél PAKEM nya éta modél pangajaran sangkan siswa aktif dina sagala kagiatan anu mekarkeun pamahaman jeung kamampuan maranéhna anu museur kana diajar prakték. Guru maké alat bantu pikeun ningkatkeun

sumanget diajar siswa. Guru ngalarapkeun cara ngajar anu leuwih kooperatif jeung interaktif. Guru méré pangrojong ka siswa pikeun nangtukeun carana sorangan dina *pemecahan* hiji masalah pikeun méré pamadeganna.

- 3) Modél *Examples Non Examples*, léngkah-léngkahna nya éta:
  - a. Guru nyiapkeun gambar-gambar anu luyu jeung tujuan pangajaran,
  - b. Guru nmbongkeun gambar ka siswa,
  - c. Guru méré pituduh jeung méré lolongkrang waktu ka siswa pikeun *merhatikeun/ngaanalisis* gambar anu ditmbongkeun ku guru,
  - d. Siswa nganalisis gambar, hasil analisis dicatet dina wangun karangan

